


## Susan Brownel Anthony Yon Byografi



*15 fevriye 1820 (Adams, MA) - 13 mas 1906 (Rochester, NY)*

**Kesyon Esansyèl:** Nan ki fason Susan B. Anthony te yon bon sitwayen?

Susan Brownel Anthony te fèt nan Massachussets nan lane 1820. Fanmi li te kwè tout moun te egal, men nan lè Susan te fèt la bagay zafè tout moun legal la pat egziste. Fi ak gason pa gen menm dwa. Fanm pat gen dwa fè anpil nan bagay gason te konn fè. Fanm pat kapab vote epitou yo pat ka posede pwopriete. Lavi a te diferan pou Susan. Li te aprann li ak ekri lè l te gen twa zan malgre se yon tifi li te ye.

### **Kòmansman yon Lit**

Lè Susan al lekòl li wè ti gason ak tifi pat trete menm jan. Youn nan pwofesè Susan yo te refize montre l kouman pou l fè divizyon long. Li di l tifi pa genyen okenn rezon pou yo aprann fè matematik. Poutèt rezon sa fanmi Susan te oblije retire l lekòl la; konsa yo deside fè l kontinye etid li nan kay la.

Paran Susan te vrèman kwè nan egalite pou tout sitwayen. Yo te konn pale kont esklavaj. Lè Susan te genyen vennsizan li te vin yon pwofesè lekòl epi li te lite pou dwa tout elèv. Li te vle ni tifi ni ti gason aprann ansanm. Li te vle tou pou pitit esklav yo te aprann nan menm klas ak tout lòt timoun.

## **Yon Zanmi nan Batay**

Lè Susan vin genyen ventwitan, li tande pale de yon reyinyon pou diskite kouman fanm ka rive vote. Li te renmen ide a. Nan lane 1848, Li menm ak fanmi li te ale Seneca Falls, New York, pou yo te kapab asiste konferans Elizabeth Cady Stanton sou zafè dwa fanm. Susan te tèlman santi sa te enterese l, nan lane 1852 li te mete ansanm ak Elizabeth pou yo te kapab travay ansanm sou menm topic dwa fanm nan. An 1868 yo de a te travay sou yon journal epitou bay konferans atravè peyi a.

## **Fanm gen Dwa pou Vote**

Susan bay plis pase 100 konferans atravè peyi a pou plis pase 45 lane. Li te toujou genyen espwa sa gen pou chanje yon jou. Se pa tout moun ki te dakò ak lide pa li a, men li menm ak zanmi li Elizabeth Cady Stanton te batay anpil pou dwa moun pandan plizyè lane. Yo te mennen yon lit pasifik, ki siyifi nan lapè.

Nan lane 1869 Susan ak Elizabeth te fonde yon asosyasyon ki rele «National Women Association. » Susan te rive jwenn arestasyon li nan lane 1872 paske li t al eseye vote.

Susan pat gen chans pou l te wè fi ki t ap vote paske li te mouri nan lane 1906. Men sa te rive fèt an 1920, katòzan aprè lanmò li. Batay sa pa t ap yon reysisit si te lit Susan Brownel Anthony.

Non: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

<b>Ane</b>	<b>Evenman ki pase nan lavi Susan B. Anthony</b>